Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 47 (9841) 2 декабрь 2019 с. / Итни 6 Рабиг1уль-ахир 1441 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

*Уважаемые жители Казбековского района!*

***3 декабря во всем мире отмечается Международный день людей с ограниченными возможностями здоровья, людей с безграничным упорством, стойкостью и мужеством, людей сильных духом, целеустремленных, ценящих каждый день в своей жизни.***

Для всех нас этот день служит напоминанием о том, что при поддержке окружающих, вере в собственные силы и упорной работе люди с ограниченными возможностями здоровья могут добиваться успехов в любой сфере жизни общества. Многие из них обладают удивительной судьбой, они не просто умеют жить, но и ведут активную деятельность. Инвалиды нашего района участвуют в районных, республиканских, а иногда и всероссийских конкурсах и фестивалях, показывают хорошие спортивные результаты на различных соревнованиях, становясь победителями и призерами.

Желаем всем здоровья, оптимизма, мужества и добра. Пусть в вашей жизни будет больше приятных и интересных событий и свершений!

Хотим поблагодарить общественные организации, депутатов, представителей малого и среднего бизнеса, которые проявляют внимание и милосердие к людям с ограниченными возможностями, помогают им развиваться и жить полной жизнью.

**Глава МР "Казбековский район" Г. Г. МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.**

*Райадминистрациялда*

## КIвар бугел суалал рорхана

Талат къоялъ 26 ноябралда районалъул администрациялда тIобитIана райактивалъул иргадулаб данделъи.



Гьенире гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал И.И. Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б. Салимханов, росабазул администрациябазул бутIрул, ГУПалъе, МУПазе, СПКязе, КФХязе, учреждениябигун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Хал гьабиялде босараб **«ТIощел бакIариялъул х1асилал ва гIи-боцIуца хасел тIамиялъе бугеб хIадурлъи»** абураб суалалда тIасан кIалъана росдал магIишаталъул управлениялъул начальник З.Д. ГIалиев.

Докладалда тIасан кIалъаял гьаруна ГI.ГI. МухIудиновас (ГУП «Дылымское»ялъул директор), Т1.И. Салаевас (МУП **«МТС Казбековское»** ялъул директор), ГI.ГI. МухIамадовас («БагIараб Октябрь» СП-Кялъул председатель).

**«МугIрузул территориябазул цебетIей ва гьеб цIуни»** моделияб проекталда тIасан кIалъай гьабуна информациялъул технологиябазулгун ихтиярал рукIинариялъул отделалъул начальник-Б.С. Нуцаловас.

Гьеб данделъиялда рича-чвана цогидалги росдал маг1ишаталда хурхарал суалал.

**И.ИДРИСОВ.**

## АЗСазул х1алт1и хъаравуллъиялда гъоркь



27 ноябралда районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевас т1обит1ана иргадулаб данделъи.

Гьениб гьоркьоб босун бук1ана: Районалда ругел автозаправочниял станциябазул (АЗС ва АГРС) х1алт1и законалъул нухде бачинабиялъе гьабураб х1алт1ул х1асил абурал суалал.

Данделъиялда г1ахьаллъана прокуратураялъул, ФСБялъул, ОМВДялъул х1алт1ухъаби. Гьабураб х1алт1ул х1асилалда автозаправочный станциябазул 11ялъул 10 х1алт1ула буго налоговиял органазда хъва-хъвайги гьабун.

Гьаб сонил июлалде гьезул 2 ялда гурони х1алт1ухъабазулгун къот1и-къай гьабун бук1инч1еб батани, жакъа киналго АЗСазда гьел х1алт1ула руго законалъул кьуч1алда.

Ич1го АЗСалда лъун руго кассовиял аппаратал. Гьелъ рес кьезе буго заправка гьабизе банкалъул картабаздалъун. Гьелъул х1асилалда июлал моц1алдаса байбихьун районалъул бюджеталде бач1ана 1 млн.800 азарго гъурущ.

Х1.Х1. Мусаевас абуна гьеб х1алт1и хадусанги зах1маталъул ва налоговияб законодательствабазул кьуч1алда г1уц1иялда хадуб хъаравуллъи кквезе бугин.

**И.ИДРИСОВ.**

## Х1амид Бучаевасулгун дандч1вай



21 ноябралда райадминистрациялда т1обит1ана районалъул Дагъистаналъул халкъияб маг1ишаталъул Пачалихъияб университеталъул президент Х1амид Бучаевасулгун ва гьеб ВУЗалъул муг1алимзабазулгун дандч1вай.

Гьенире г1ахьаллъана **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1.Х1.Мусаев, лъайкьеялъул управлениялъул начальник М-Р.И.Мах1амаев, Дилим росдал г1аммаб лъайкьеялъул гьоркьохъел школалзул ч1ах1иял классазул ц1алдохъаби ва цогидалги.

Данделъиялда к1алъазе рахъарал Г.Бучаевас ва цогидазги бицана т1адехун рехсараб ВУЗалда, гьанжесеб заманалда рекъон, ч1езарун ругел лъик1ал шарт1азул, х1алт1изарулел ц1иял технологиязул ва лъай борхизабиялъе ругел ресазул.



**«Жакъасеб г1елалъул лъик1ал ресал руго ц1ализе ва х1алт1изе. Нижер г1елалъул г1адамазе ц1акъ зах1мат бук1ана г1умруялъе бет1ербахъи гьабизе. Бук1аниги, зах1малъабазухъ балагьич1ого, ниж к1варкьун ц1алана ва х1алт1ана. Нужеца нужерго ругел ресаздасан пайда босе, ниж кидаго х1адурал руго нужее х1алае рахъине»**-ян абуна Бучаевас жиндирго к1алъаялда.

**Асият ДИБИРОВА.**

*Дин ва г1умру*

**Рабигiул-аввалалъул хiурматалда**

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

*Рек1ел ах1и*

**Боцiиги бокьун, тiалаб гьабизеги бокьичiого**

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

*Гьикъе - бицина*

**Анкьцiул борцин цин къотiун гурого...**

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Эбелилан абураб рагI1иялъул х1айранлъи

*Испанияз мадре, г1урусаз мама,*
*Ингилисаз мазе, нилъеца эбел,*
*Азарго мац1алда цого бух1иялъ,*
*Ах1ула къадруяб гьаб къокъаб раг1и.*

**(Р.Х1амзатов)**




Эбелалъул къо Россиялда к1одо гьабизе байбихьана 1998 соналдаса.

Гьелъул х1урматалда, нилъер улкаялда т1орит1ула рохалилал данделъаби ва тадбирал.

Гьединабго рохалилаб данделъи т1обит1ана, 25 ноябралда районалъул культураялъул Централда райбиблиотекаялъул х1алт1ухъабазул х1аракатчилъиялда.

Гьенире г1ахьаллъана-отдел культураялъул начальник А.К. Ибрагьимов, районалъул харабазул Советалъул председатель М.Г1. Чупалаев, Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1ажи Адимирзаев, райбиблиотекаялъул директор Зульмира Адимирзаева ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

Х1урмат т1адег1анал гьалбаллъун гьенир рук1ана 10 ва ц1ик1к1ун лъимал гьарурал, бит1араб тарбия кьун гьел г1езарурал бах1арчиял улбул: Уматай Х1ажиева(Дилим) ва Пат1имат Исрапова(Гъозтала), г1емерал соназ **«Светлячок»** лъималазул ахалъе нухмалъи гьабурай Сакинат Гьанаматова ва цогидалги.

Гьенире г1ахьаллъаразда эбелалъул Къо баркун к1алъазе вахъарав А.Ибрагьимовас абуна: «**Инсанасул г1умрудулъ эбелалъул к1варалъул бицун х1ал к1оларо. Щивав чиясе гьей ккола г1умрудул нух гвангъизабулеб маяклъун, эбел йохула нилъер бергьенлъабаздаса, къварилъула нилъ къварид рихьидал. Макьу х1алхьи тун, гьей х1алт1ула лъимадул г1умру лъик1 гьабиялда т1ад. Эбелалда чи ващалъуларо**»,-ян.




Гьединго, к1алъазе яхъарай П. Исраповалъ бицана жиндирго г1умрудулъ лъимал г1езарулаго рихьарал зах1малъабазул. «**Нижер г1елалъул руччаби унаан хурире мугъалда киниги баччун, кинаялда щущунареб лъимер, балъ бахъулаго, цебе-цебе лъолаан. Гьеб гуребги г1емераб гьин бихьана. Гьанжесеб г1елалъе гьединал зах1малъаби гьеч1о**»-ян бицана гьелъ. Руччабазул сахаватлъиялъул бицунел куч1дул рик1к1ана лицеялъул ц1алдохъаби Умижат Уланбековалъ ва Сайгибат Бибиевалъ.

Ч1ужуг1аданалъул лъималазе тарбия кьеялъулъ бугеб к1варалъул г1ат1ид гьабун бицана Мухтар Чупалаевас. Гьединго, данделъаразул рак1азе к1удияб асар гьабуна Сакинат Гьанаматовалъул, Аминат Качалаевалъул к1алъаяз ва Равзанат Мух1аммадх1абибовалъ эбелалъул х1акъалъулъ рик1к1араб кеч1алъ.

Ахиралда данделъи бачарай Зазабика Камиловалъ, районалъул администрациялъул бет1ер Х1ажимурад Х1ажиевичасул рахъалдасан, улбузе кьуна къиматал сайигъатал. Гьединго, Жамг1иял г1уц1абазул рахъалдасан Баркалаялъул кагътаздалъун к1одо гьаруна Уматай Х1ажиева ва Пат1имат Исрапова.

**Асият ДИБИРОВА.**

# РабигIул - аввалалъул х1урматалда

*Хъощгелди лъикI щвараб РабигIул Авваль,*
*ГIаламалъул Сайид загьирлъараб моцI.*
*Хирияб итниялъ Аминатица,*
*Уммат тIобитIараб вас гьавураб моцI.*

**Сидрат ХIамзатханова.**



Дагьал церегIан къояз Гуни росдал культураялъул хIалтIухъабаз ясазул мадрасалда тIобитIана РабигIуль Авваль моцIалъул хIурматалда рохалилаб данделъи. Данделъиялъул гIахьалчагIаз нилъер хирияв МухIаммад Авараг (с.т.гI.в.) жинда жанив гьавураб моцIалъул хIурмат гьабун ахIана мавлид, гьабуна вагIза-насихIат. РакIалде щвезаюна жиндир гIумруялда нашидал ахIиялъулъ цебесеб кьерда йикIарай Марижат ГIабдулгIазизовагi.

Гьениб хасаб бакI ккун букIана Аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул бицунел мавлидаз, нашидаз, назмабаз ва биценаз. Гьеб тадбир тIобитIиялъул бугеб кIваралъул бицун кIалъазе рахъана районалъул культураялъул Централъул хIалтIухъаби: Рапият МухIамадова, Бурлият Пусманова, Социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул начальник ПатIа Айтемирова, Дилим росдал «**КенчIеро**» №2 лъималазул ахалъул тарбиячIужу ПатIимат Такуева ва цогидалги.

ГIенеккаразул рекIее асар гьабулеллъун рукIана Гуни росдал мадрасаялда цIалулел ясаз, культураялъул хIалтIухъабаз, Сидрат ХIамзатхановалъ ва Умисат Султанбеговалъ ахIарал мавлидал.

Хубар росдал культураялъул Рукъалъул директор Сакинат ГIабдуразакъовалъ Марьям Нугъаевалъ, Лаврисат Зулумхановалъ ва РабигIат Мансуровалъ цIаларал нашидал ва кучIдул.

Ахиралда данделъиялъул гIахьалчагIазе мавлидалъул баракатги гьарулаго баркалаялъул рагIаби абуна Гуни росдал «**Гьими**» лъималазул ахалъе нухмалъулей Арифа Базаевалъ.

**Бесират АДУЕВА, Гуни росу.**

# Маргьа бук1араб ишлъун ккезабуна



18 ноябралда къват1ибе бач1араб «**Чапар**» газеталда хъван бук1ана республикаялъул роцада лъазабураб «**Г1урусазул ва Дагъистаналъул халкъияб маргьа**»,- ян абураб ц1аралда гьоркь т1обит1улеб фестивалалъул районалъулаб этапалда ккарал х1асилазул х1акъалъулъ. Гьениб бергьенлъи босарал Дубки посёлокалъул гьоркьохъеб школалъул ц1алдохъаби г1ахьаллъана 19 ноябралда Ц1. Х1амзатил ц1аралда бугеб Авар театралда (Мах1ачхъала) т1обит1араб тадбиралдаги. Дубкиялъул ц1алдохъабаз гьениб бихьизабуна г1урусазул «**Теремок**» халкъияб маргьаялъул постановка. Балагьараз ва жюриялъул членаз к1удияб къимат кьуна г1исинал артистазул махщалие.

«**Гьеб маргьа бук1араб ишлъун ккезабуна лъималаз**»,-ан раг1унеб бук1ана рахъ-рахъалдасан. Нилъер г1исинал артистал «**Театралияб постановкаялде данде кколеб музыка лъеялъухъ**» номинациялъул дипломалъе мустах1икълъана.

**Д. Г1АБДУЛАХ1ИТОВА, ИМЦялъул методист.**

# Уважаемые жители района!

### *000 <Газпром межрегионгаз Махачкала> напоминает про уголовную ответственность - за самовельное подключение к газопроводу*

Поставщик газа ООО «**Газпром Межрегионгаз Махачкала**» предупреждает, что использование в быту несертифицированного газового оборудования может привести к трагедии. Как показывает статистика, количество несчастных случаев, связанных с несанкционированной газификацией и нарушением правил использования газового оборудования, ежегодно растет. Многие по-прежнему продолжают подвергать свои семьи риску и самовольно устанавливать газовое оборудование. Не меньшую угрозу представляет самовольная прокладка газопроводов, как к частным домам, так и к коммерческим объектам, тепличным и птичным хозяйствам.

Учитывая повышенную опасность подобных деяний, наказание за повторные случаи самовольного подключения было ужесточено федеральным законом № 229 от 29.07. 2013. Если прежде виновник уже был подвергнут административному наказанию, но при этом вновь совершил врезку в газопровод, ему грозит уголовная ответственность по части 1 статьи 215.3 УК РФ. Максимальное наказание, предусмотренное санкциями данной статьи - лишение свободы на срок до двух лет. Если же в результате этих действий, произошла по неосторожности смерть человека или наступили иные тяжкие последствия, виновник наказывается принудительными работами на срок до пяти лет либо лишением свободы на срок до восьми лет.

ООО «**Газпром Межрегионгаз Махачкала**» обращается ко всем жителям Республики Дагестан с просьбой не использовать самодельное, несертйфицированное газовое оборудование, а также категорически запрещает самовольную врезку в газопроводы. В противном случае выставите под угрозу не только сохранность имущества, но и жизнь, и здоровье ваших близких.

## *Меры наказания, предусмотренные законодательством за несвоевременную уплату административного штрафа*

### Уважаемые жители Казбековского района!

На сегодняшний день очень остро стоит проблема взыскания штрафов за административные правонарушения с лиц, которые не уплатили их в установленный законом срок. Не секрет, что далеко не все граждане, совершившие административные правонарушения горят желанием вовремя уплатить наложенный на них административный штраф.

Сотрудники отдела полиции, уполномоченные составлять административные протокола, в обязательном порядке, при выявлении административного правонарушения и вынесении постановления о наложении административного наказания в виде штрафа, дают соответствующие разъяснения правонарушителям действующего административного законодательства, а также о необходимости своевременной уплаты наложенного на них административного штрафа.

Для сведения, в соответствии с частью 1 статьи 20.25 и статьи 32.2 КоАП РФ, в случае, если гражданин не уплачивает административный штраф в 60 - дневной срок со дня вступления постановления в законную силу, гражданин может быть привлечен к административному штрафу в двукратном размере суммы, уплаченного административного штрафа, но не менее тысяча рублей, либо административному аресту на срок до пятнадцати суток, либо обязательным работам на срок до пятидесяти часов.

Однако, продолжается порочная практика уклонения граждан от уплаты административного штрафа в установленный законом срок.

Поэтому, в целях соблюдения требований административного законодательства и повышения эффективности по взысканию )ативных штрафов, запланировано проведение на территории района в последней декаде ноября и декабря 2019 года оперативно-профилактических мероприятий, под условным названием «**Должник».**

В рамках данных мероприятий, основное внимание будет обращено на установление и привлечение к административной ответственности лиц, не уплативших административный штраф в установленный законом срок.

*ЗУБАРИЕВ М.А,*
*инспектор по ИАЗ ОМВД, лейнтенант полиции.*

# Доступность медицинской помощи для онкологических больных

Издан приказ Федерального фонда обязательного медицинского страхования от 28.02. 2019 г. «**Об утверждении Порядка организации и проведения контроля объемов, сроков, качества и условий предоставления медицинской помощи по обязательному медицинскому страхованию».** К контролю объемов, сроков, качества и условий предоставления медицинской помощи по обязательному медицинскому страхованию относятся мероприятия по проверки соответствия предоставленной застрахованному лицу медицинской помощи объему и условиям, которые установлены территориальной программой обязательного медицинского страхования и договором на оказание и оплату медицинской помощи по обязательному медицинскому страхованию.

Одним из профилей медицинской помощи находящимся под контролем территориального фонда ОМС Республики Дагестан является онкологическая служба. В Казбековском районе на учете находятся 477 онкологических больных. Все они под наблюдением врача-онколога проходят диспансеризацию и поручают необходимую специализированную медицинскую помощь. Из всех лиц находящихся на диспансерном учете по онкологическим заболеваниям 9 человек получают химиотерапию. В целях обеспечения доступности проведения противоопухолевой лекарственной терапии на базе ГБУ РД «**Хасаюртовская центральная городская больница им Р. П. Аскерханова**» в 2018 г. был открыт дневной стационар на 6 коек. В данном отделение могуг получить помощь жители близлежащих районов, в том числе и жители Казбековского района. Жителям Казбековского района нуждающимся в проведении курсов химиотерапии необходимо воспользоваться этой возможностью.

*ИСМАИЛОВ М.-г. Р,*
*директор Хасавюртовского филиала ТФОМС РД.*

# О ВНЕСЕНИИ ИЗМЕНЕНИЙ В ФЕДЕРАЛЬНЫЙ ЗАКОН «О ГРАЖДАНСТВЕ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ»

14 ноября 2012 года вступил в силу Федеральный закон № 182-ФЗ «**О внесении изменений Федеральный закон «О гражданстве Российской Федерации»**, который представляет право приобрести гражданство Российской Федерации в порядке признания гражданам бывшего СССР, получавшим до 1 июля 2002 года паспорт гражданина Российской Федерации, но у которых впоследствии не было определено наличие гражданства Российской Федерации и отсутствует иное гражданство.

Данный Федеральный закон направлен на урегулирование правового статуса следующих категорий лиц. находящихся на территории Российской Федерации;

- граждан бывшего СССР, получивших паспорт гражданина Российской Федерации до 1 июля 2002 года, у которых впоследствии полномочным органом, ведающим делами о гражданстве, не было определено наличие гражданства Российской Федерации, имеющих гражданство иностранного государства, при условии отсутствия у них действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном государстве;

- граждан бывшего СССР, прибывших в Российскую Федерацию для проживания до 1 ноября 2002 года, не приобретших гражданства Российской Федерации в установленном порядке, и их совершеннолетних и несовершеннолетних детей, если указанные лица не имеют гражданства иностранного государства и действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном государстве.

Рассмотрение заявления о признании гражданином Российской Федерации и принятие решения по такому заявлению в соответствии с настоящим Федеральным законом осуществляются территориальным органом в срок, не превышающий двух месяцев со дня подачи заявления и всех надлежащим образом оформленных документов.

Рассмотрение заявления о приеме в гражданство Российской Федерации и принятие решения по такому заявлению осуществляется в срок, не превышающий шести месяцев со дня подачи такого заявления и всех надлежащим образом оформленных документов.

В случае необходимости установления личности заявителя срок, указанные выше сроки продлеваются на срок, необходимый для установления личности заявителя, но не более чем на три месяца

Всем гражданам, подпадающим в выше перечисленную категорию, могут обратится для консультации и оказания практической помощи, по месту регистрации в территориальные подразделения миграционной службы МВД России по Республике Дагестан.

*Гл. спец, эксперт ВМ п. Дубки ИДРИСОВА П.А.*

# Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул кучIдул

*ЧIобогояб бакIалда шагIирал рахъунаро, ургъун рахъун рагIаби рахьдал мацIалъ хъвалaро. КочIолъ лъолел рагIабалъ канлъи букIине ккола, канлъигун цIалдолезул ракIал къалъизаризе.*

*Фазу ГIАЛИЕВА.*

## ЧIахъаги магIарул мацI



*Фатима ГIАБДУРАХIМАНОВА, 7 кл. цIалдохъан.*

**Авар мацI малъулев**
**МугIалим дица,**
**Къулула дуй бетIер**
**Къасиги къадги.**

**Рахьдал мацI бицине**
**Ругьун гьарулев,**
**Гьарула дуй сахлъи**
**Халатаб гIумру.**

**МагIарул мацI нижелъ**
**Камил гьабулев,**
**ВукIуна кидаго,**
**Мун Мирзаевич.**

**Дур дарсал рокьула**
**Мунги вокьула,**
**Нилъер миллаталъул**
**Харбал рокьула.**

**Гьаб авар мацIалъул**
**Байрамги баркун,**
**Бокьун буго дуе**
**Баркала кьезе.**

**Нижеда малъараб**
**Щибаб хIарпалъухъ,**
**ХIеренаб недегьаб**
**Дур гьимиялъухъ.**

**Авар мацI пасихIго**
**ЦIализе лъала,**
**Рахьдал мацIалъ кучIдул**
**Рицине лъала.**

**ЧIахъаги магIарул мацI!**
**Ниж дудаса чIухIула**
**Мун бугебгIан заманалъ,**
**БукIина магIаруллъи!**

## ЧIахъаги мун авар мацI!



*Ислам МУХIАМАДОВ, 7 кл. цIалдохъан.*

***Авар мацIалъул дарсал***
***Кутакалда рокьула,***
***Амма гьел дагь гьаридал***
***Дун цIакъ къваридго вуго.***

***Гьел дарсазда цIалдола***
***БицанкIаби тIамула,***
***Берцинго хъвадаризе***
***Къецал нижер рукIуна.***

***Суратазде балагьун***
***Хабаралги гIуцIула,***
***ГIицIалго рагIабазул***
***Предложениял хъвала.***

***Учительгунги рекъон***
***Гьес малъарабги гьабун,***
***Рахьдал мацI камил гьабун***
***Хьвадизеги бокьула.***

***ЧIахъаги мун авар мацI!***
***БукIаги мун рахьдал мацI!***
***Мун бугебгIан заманалъ***
***РукIина магIарулал!.***

## Рахьдал мацIалъул Къо



*Манарша ГIАЛИСУЛТАНОВА, 8 кл. цIалдохъан.*

**Жакъа рахьдал мацIалъул**
**Байрамги кIодо гьабун,**
**Рокьун руго рицине**
**Берци-берцинал харбал.**

**Нижер классалда руго**
**РакIал рекъарал лъимал,**
**Кидаго ниж цоцазе**
**ХIалай хIадурал руго.**

**Рахьдал мацIалъул дарсал**
**Дурусго лъазарула,**
**Авар мацIалъул харбихъ**
**ГIенеккизе бокьула.**

**Нилъее умумуца**
**Ирсалъе нахъе тараб,**
**Рахьдал мацIалъул къимат**
**Къадруялда цIунила.**

**МагIарул мацI, авар мацI**
**Дур хIеренлъи, гьуинлъи,**
**ГьитIинго хира гьабун**
**Эбелгун дун кIалъараб!**

**МагIарул мацI цIунизе**
**РагIи кьола кидаго,**
**Дандиялгун кидаго**
**Рахьдал мацIалъ кIалъала.**

## Къимат бугеб мацI



*МухIамад ГIАБДУСАЛАМОВ, 9 кл. цIалдохъан.*

***Авар мацI лъаялъул***
***Лъай гIакълу борцун,***
***Гьарулел хIалтIаби***
***Рокьула нижей.***

***Гьениб жигар бахъун***
***ХIаракат гьабун,***
***Рахьдал мацI лъалеблъи***
***ТIокIкIинабула.***

***Нижерго мацIалъул***
***Къадруги цIунун,***
***ЦIализе хIалтIизе***
***РакIалда буго.***

***Дир миллаталъул мацI***
***Аваразул мацI,***
***Абадияб халкъалъ***
***Къимат кьураб мацI.***

***Ниж чIухIарал руго***
***Рохарал руго,***
***Дур къадруги борхун***
***Хьвадизе руго.***

***Даимаб рецц дуе***
***Дир магIарул мацI!***
***Расул ХIамзатовас***
***Къимат кьураб мацI!***

## Дир гIагараб рахьдал мацI



*ПатIимат БАЙХАНОВА, 11 кл. цIалдохъан.*

**Дир гIагараб рахьдал мацI,**
**МугIрул халкъалъул чIухIи.**
**Бокьула миллатазулъ,**
**МагIарул мацI, авар мацI.**

**Наслабазул пикраби,**
**Нижеда ричIчIулеб мацI.**
**Эбел-лъимадул ургъел,**
**Цоцазе бикьулеб мацI.**

**Рахьдал мацI, мун гIадинаб,**
**Даража цIикIкIараб мацI.**
**Бугебдай дунялалда,**
**Дагъистан чIухIараб мацI?**

**Дир мацIалда кIалъала,**
**Турциялъул мугьажир.**
**Дир мацIалъ гаргадула,**
**Районалъул газета.**

**Дир мацIалда бичIчIуна,**
**Дида исламалъул дин.**
**Авар мацIалъ рицуна,**
**Радиоялъ хабарал.**

**ГьитIичазда гьоркьобги,**
**РукIа-рахъин малъулеб.**
**Херазул адаб-хIурмат,**
**ЦIунун хьвадизарулеб.**

**Бокьила дир миллаталъ,**
**МагIарул мацI бицине.**
**Щибаб хъизаналда гьелъ,**
**МоцI-цIваялъул нур базе.**

*Гьумер х1адур гьабуна Х1алимат КАРИМОВАЛЪ.*

# Архивалъул баяназдаса цо-цо хIужаби



Имам Шамилица жиндирго имаматалда, берцинго хIалтIи тIобитIиялъул мурадалда щибаб росулъ, гIадлу, шаргI, билъанхъизабизелъун толел рукIун руго бегавулзаби, дибирзаби ва къадизаби. Гьезул щивасда рихьизарун рукIуна жидеца тIуразаризе кколел ишалги. Гьебго къагIидаялда хадусан хIалт1изабула гIурусазги.

Хисизе гьабураблъун ккана цого-цо рищиялги гьарун, гьел росдал хIакимзаби тейи. Гьезул тIолазулго тIадчи вукIуна росдал старшина (бегавул). Старшина вищула кIиго соналъ ва гьесул хIалтIухъ балагьун хадусанги.

Гьединго росдал старшинасухъе кьола гIебаб рачелги цадахъ, хвалченги пачаясул сурат, бугеб хъанчгун горбода балеб рахасги. Росдал старшиналъунги вищула гIелму, бугев, ай гIурус мацI лъалев, ритIухъав, иш билъанхъарав чи. Гьедин гьабиялъе гIиллаги букIуна, гьесда бараб букIин росулъ бугеб гIадлу, рацIалъи, рукIа-рахъин ва хьвада-чIвади.

Гьедин, нилъер СаламегIералъул ракьалдаги щибаб росулъ рукIуна рищарал старшинаби(бегавул). Архивалъул баяназда рекъон 1885-1886 соналдасан байбихьун хIуригат бахъизегIан, росдал старшинабилъун рукIун руго: Дилималда-ГIадилхан, ГIалхан, Гуниялда-КъурмангIалиев ГIабдурахIман, ЧIикIав- ХIажияев Рауф, ИчкIаялда- ШейхмухIамадов Гъамбулат,Буртунаялда- Гъайирбеков Малачилав, Ахташ-ГIавухъалда- МуртазгIалиев Адем, Юрт-ГIавухъалда-Томаев Эсенбулат,Миякьов-ГIумаханов ГIали, Алмахъалда-СагIитов Шамиль, Умалатов ГIабдурахIман, ЦIобокь- Аусух(Асах) Ражаб, Гъозталаялда-МахIачев Жантемир, Хубаралда-Беркихан Цикадаров, Гертмаялда- НурмухIамадов Сурхай, ГIаркьухъ- ХIасан ХIосен оглы,Чалаби-оглы, Пирмах1ама КъаралавхIажил вас. Гьезул щивасул хIакъалда гIемераб хъвазе бегьулаан букIараб ва амма гIемерисезул цIарал бицадулъ хутIун рукIиналъ рес кколеб гьечIо.

ТIадехун бицен гьабурав Мирзаев ГIалхан вукIун вуго, гIураб къадаралда гIараб гIелмуги цIаларав, лъарагI, магIарул, гIурус, чачан мацIги жинда лъалев, рагIи билъанхъарав, борхатаб лага-черхалъул ритIухълъи бокьулев чи.Гьелъие мисаллъун ккола жегиги Дилим росдал харабазда гьоркьор ругел биценал ва тарихалъул цо-цо тIанчазда ратулел хIужаби. Росдал бегавуллъун вугеб заманалда ГIалханица лъазе гьабула росуцоязда, ихтияр гьечIеб бакIалда,ай хуриб, харималъуб батараб хIайваналъухъ гIакIа бахъизе бугин. Ратун руго гьединал, цо бахъун буго гIакIа, кIиго бахъун буго.

Росдал (бегавулас) старшинаца лъазе гьабун буго, ихтияр гьечIеб бакIалда батараб хIайван хъвезеги хъун, мискинал пакъиразе, бесдалазе бикьизе бугин.

Чияр хIайван батани, гьеб хъун хIакъ букIинин хIинкъарав ГIалханица, жиндирго рагIи хвезе бокьичIого, гIадамазе мисалалъе букIине, къасе сардилъ харималъубе биччан буго жиндирго хIайван(оц). Радал магъилъ батараб гьеб бачинеги бачун хъун буго ва гьан бикьун буго мискинзабазе ва бесдалазе. Гьеб даималъ цогидазе мисаллъунги хутIун буго.

Гьес кIудияб кIвар кьолеб букIун буго гIадлу букIиналъе ва гьекъолеб жоялда данде рагъ гьабиялъе. Гьелда хурхун гьес лъазабун буго, къасе сардилъ кьижичIого цогидазе квал-квал гьабурав, чи гьекъон ватарав чиясда гIакIаги къотIун, шаргIияб хIукму гьабизе бугин. Гьеб лъазабун лъабабилеб къоялъго гьесулго гIагарав чи вукIун вуго гьудул-гьалмагъзабигун квана- гьекъон, кечI-бакъаналда,ай мадугьалзабазул рахIат хвезабулев.

Гьез квал-квал гьабугеян абуниги гьес чIухIадго абулеб букIун буго: **«..ГIалхан дир чи вуго,дица бокьараб гьабила, гьес дие расги гьабуларо»**,-ян. РагIун буго ГIалханида гьеб хабар. ВачIун вуго гьев гIагарав чиясухъе сверуде,вачIунеб хIалалдаго квана- гьекъола рукIаразул столги бегизабун байбихьун буго гьел цIалаца рухизе. Бищунго гIемер цIал щун буго гьесул гIагарав чиясе.

Р.Идрисовасул **«Салатавия-дир чIухIи»**-тIехьалда хъвалеб буго цогидаб хIужа: **«…Росулъ балъго гIаракъи гьекъолин хабар букIун буго, амма хIужа тIатунеб гьечIеб букIун буго. Цо къоялъ росу бакьулъ вукIун вуго цояв мехтун,хIарщул ретIелги цIун, кечI ахIун гIанталщинал жал гьарулев.**

**КватIичIого тIаде щун вуго ГIалхан ва гьесул кIиго кумекчагIи. ГIалханица буюрухъ кьун мехтарав тулиялъув тIамун вуго. Хадусан гьесул рукъоб бала чIухь, батула кIиго шиша гIаракъидул. Вачинеги вачун гьел шушби ГIалханица рекизарула, жиндаго дов гьекъолесда,тIолаздаго цеве гьедизеги гьавула. Гьекъеларин,мугъзада кIикъоялда анцIго тIилги кьабула».**

Гьебго тIехьалда Р.Идрисовас хъвалеб буго: «Дилималда халкъалъ вищарав тIарамагъадисев старшиналъун вукIанин ГIалхан.

ГIумруялдаса ГIалхан ватIалъула 1919 соналда. Вукъун вуго Дилим росдал хабалалъ.

***Суратална: Г1алханил хоб, Дилималдаса Дадаев М-афанди ва Байтимер Х1ажиев.***

**МухIаммад-Афанди Дадаев,**
**Дилим росу.**

# Инсул нухдасан



Дагьал церегIан къояз «Чапар» газеталъул редакциялъул гьоболлъухъ вукIана Буртунай росдал **«Хасаевасул ва Къасумовасул»** СПКялъул гIиял вехь Мустафа АхIмадрашидов.

Гьес бицана: **«Дун вехьлъун хIалтIулев вуго рехсараб СПКялда. Дир г1умруялда жаниб дида бихьана гIемераб лъикIабгун квешабги. Гьай-гьай, бигьаяб иш гуро вехьасул хIалтIи.**

**Узухъда, хIалтIухъанасул къимат гьабулел нухмалъулел ругони, хIалтIи гьабизе гъира букIуна. Гьединавлъун ккола нижер СПКялъул председатель ГIузайри ХIамзатов. Гьев бетIерлъуде вачIараб заманалда СПКялда букIинчIо 2000- 3000 гIанасеб гIиялъажо. (Гьаб сагIаталда нижер маг1ишаталда буго 9000 гIиялъажо). Щибаб санайил 60-ялдаса тIаде сонал арал росуцоязе СПКялъ кьола цо-цо гIиялъажо, росдае хIажалъи ккаралъуб хIалтIизабизе- 100 азарго гъур. г1арац**

**Гьединго,нухалгун кьоял иццал ва гь.ц. къачIаялда тIад хIалтIулезе хъвезеги кьола гIиялъажо. Къокъ абун абуни, росдал жамаг1аталъе хIажаталъув ватулев чи вуго гьав гьалмагъ.**

**Нижгун гIиял вехьлъун хIалтIулев вуго Мурад ЗайналгIабидов.14 соналъ гIухьбузул бригадирлъун хIалтIана гьесул эмен Асильдер. Гьев жеги х1алт1улевги вуго. Инсул нухдасан ана Мурадги.**

**Жеги гьит1инго вугониги Мурад вугин абизе бегьула хIалбихьи вугев вехь. ТIадкъараб иш гьес, ракIбацIцIадго, тIубазабула, малъараб гьабула, хIалтIул лъалареб ва бичIчIичIеб рахъ цогидазда цIехола. РакI жубарав, махсаро-хочI бичIчIулев, жинцагоги гьеб гьабулев Мурад вук1иналъ нижееги хIалтIизе, гьай-гьай, бигьа букIуна»**,- ян.

**М-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.**

*РекIел ахIи*

# БоцIиги бокьун, тIалаб гьабизеги бокьичIого

*Жинда цIа рекIаяб цIи гьабун гIуцIи,*
*ГIадамазул рекIел хIалхьи бикъараб.*
*Жагьандамаялде ккаяб гьаб гIадлу,*
*ГIадалаб замана кIочонго тараб.*

**МахIмуд-Апанди**



8 ноябралда къватIибе биччараб «ХIакъикъат» газеталда Зульфия ХIажиевалъул «БоцIиги бокьун, тIалаб гьабизеги бокьичIого» абураб макъалаялда хъвалеб буго шагьаралъул къватIахъ щущан букIунеб боцIул хIакъалъулъ. Гьенирго руго гьадинал мухъалги: «Гьадабгощинаб боцIи хьихьулел бакIазда, росабалъцин рукIунаро гьедин ахIун риччарал хIайванал»,-ан.

Зульфия нилъер росулъ яшав гьабун гьечIелъул, гьелда щиб лъалеб гьанибги гьебго ахIвал-хIал бугеблъи.

Дие бокьун буго гьаб макъалаялдасан дирго пикру загьир гьабизе. Советияб пачалихъ биххаралдаса гIадамазулни щиб гурин, боц1улцин г1адлу хвана. ЦIи гьабун гIуцIиялъ нилъее ресал кьуна фермерлъиялъулал магIишатал гIуцIизеги хIал кIвараб боцIи хьихьизеги. Гьеб лъикI буго. Ва амма,г1адамаз г1умру гьабулел минабазда сверухъ фермабиги ран гьезул рах1ат хвезаби я шарг1алъ яги законалъ беццараб жо гуро.

БоцIуца гьабулеб чороклъиги махIги лъиениги бокьуларо. Гьеб сабаблъун цоцалъ дагIба –къец камуларо, битIараб абуни, квеш бихьун,барщун чIолелги руго.

Щибав бусурманчиясда лъалеб жо буго, «баракатаб магIишат» абураб рагIиялъул магIна. Гьелъул кириги садакъаги гьай-гьай букIина цогидазе зарал ккоиаредухъ гьабулеб бугони.

Бечелъиялъе гIоло боцIиги хьихьун, цо шагьиялъулцин багьа жиндир гьечIеб, гьаб дуниялалъе гIоло, цогидазе зарал гьабизе бегьиларин абураб пикру буго Зульфия Х1ажиевалъул.

Унго-унгоял исламияб бичIчIи бугел гIадамаз хIалаллъиялда гьабила магIишат. МухIаммад Аварагасул(с.гI.с.) хIадис бугин абула: «Къиямасеб къоялъ боцIуца жидерго бетIергьабазда кIал гьикъулила, щайин жидеца хIарамаб жо кваназе тараб»,-ан абун.

Нилъеда лъала, биччан тараб, саяхъаб боцIул г1адамазе букIунеб квал-квал. Руго хIужаби росдал кIудияб мажгиталъул, культураялъул Централъул азбараздаги цин цо-цо мехалъ гьез гьабулеб чороклъиялъул.

Гьале, ахиралде щолел руго районалъул культураялъул Централъул азбаралда гьарулел хIалтIаби. ЧIарбида плитаби ккун, тIугьдулгун гIурччинлъи гIезаризе бакIалги хIадурун, гIодор чIезе скамейкабиги лъун, хIалхьи гьабулеб зонаялда релълъун къачIалеб буго гьеб. Щакаб жо буго, гьениб рацIцIалъи чIезабизе ва боцIудаса гьеб цIунизе кIвейи. Росулъ гIадлуги рацIа-ракъалъиги букIинабиялда хурхарал суалал кодоре росун руго,ругони щиб,-цо-цо намус т1аг1арал г1адамаз сундулго сан гьабулеб гьеч1еб мехалда.

*Цо рагIи гIоларесе,*
*ВагIза гIезе гьечIила.*
*ГьечIолъи бихьизегIан,*
*Буголъи лъаларила.*

**ХI. КАРИМОВА.**

# Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго 2020 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса.

Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, нижеца ц1унула архивалда гурелги, рак1азулъги, т1ад-т1адруссунцин, ц1алула гьезулъ ругел цо-цо рехсеял, х1ужаби. Х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги. Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

Багьа-293 гъурущ.

**Редколлегия.**

Гьикъе - бицина

# Анкьц1ул борцун цин къот1ун гурого...

Кинавго чиясул к1удияб анищ бук1уна, лъимер к1удияб г1езе, гьеб хъизан-рукъалде буссинабизе, гьеб г1адамалъе бахъинабизе. Киг1ан нилъее бокьаниги, бокьич1ониги, гьедин урхъун гьарурал ригьнал цо-цо мехалда рихxула. Статистикаялда рекъон, 50 процентниги ригьнаде лъугьарал г1олилал гьоркьоб заман индал рат1алъула. Х1исаб гьабураб мехалда, ригьин биххи, инсанасе кутакалда зах1матаб иш буго.

Т1оцебе босани, дуе бищунго хириявлъун вук1арав чиясулгун гьоркьорлъаби хвей, хасго лъималги гьоркьор ругони, гьеб к1иц1улго зах1малъилъун ккола. Эбел-инсуда гуребги, гьеб лъималаздаги ц1акъ рек1еда бала.

Г1исинал лъималазе рухъ1г1ан рокьула жидерго эбелги, эменги. Гьел цоцаздаса рат1алъун хадуб киназда аск1ор рук1инел? Гьеб сабаблъун г1емерисезда гьоркьоб ккола даг1ба-къецги.

Гьеб суал г1адамазда бич1ч1изабиялъул мурадалда жакъа нижеца хурхен ккуна Россиялъул МВДялъул нилъер районалда бугеб г1овул г1ужде рахинч1ел лъималазулгун, г1олилазулгун ва зах1матаб ах1вал-х1алалде ккарал хъизаназулгун бич1ч1и кьеялъулаб х1алт1и гьабулеб штабалъул начальник, жанисеб хъулухъалъул подполковник Зияудинов Зияудин Мух1амадовичасулгун. Гьесдаги нижедаги гьоркьоб ккана гьадинаб гара-ч1вари.

**-Зияудин Мух1амадович, бокьилаан лъазе эбел-эмен рат1алъарал лъималазул кинал ихтиярал рук1унелали?**

-Бищун цебе дица абилаан, ригьнал риххич1ого щулиялльун хут1ани г1емерго лъик1аб бук1инаанилан. Нагагьлъун рихxани, эбел яги эмен лъугьуна лъимер жиде-жидер рахъалде ц1азе, хасго эбел. Гьедин ккани, лъазе ккола Россиялъул хъизаналъулаб кодексалда ва федералияб **«Лъималазул ихтиярал ц1униялъул х1акъалъулъ»** законалда рекъон эбел-инсуца цадахъ г1умру гьабуларел лъималазул кинал ихтиярал ругелалиги.

Т1оцебесеб иргаялда, лъимадул бук1ине ккола живго бет1ергьанаб, жаниб ч1езе бак1, жинцаго гурого хайир босулареб къайи-къоно, т1аг1ел-г1уч1. Гьесул ихтияр бук1уна жиндирго пикру бицинеги.

Ригьин биххун хадуб къайи-къоно бикьулелъул ва лъимал лъида аск1ор рук1инелали лъазабулелъул лъик1аб бук1инаан эбел-эмен жалго разилъун, даг1ба-раг1иялде ккеч1ого т1убазабуни. Ракълида иш т1убазабулеб гьеч1они, гьеб ккола судалде. Судалъ лъимадул къайи-къоно, гьесул т1аг1ел-г1уч1 бикьуларо.

Эбел-эмен рат1алъун ругониги, лъимадул т1алаб-агъаз гьабизе ккола умумузул к1иязго, кинабалиго г1иллаялдалъун умумузул цояв, эбел-инсулал ихтияраздаса мах1рум гьавун вугониции. Лъимералъе кинал рук1аниги пенсиял яги пособиял щолел ругони, гьелъ 18 сон базег1ан, гьел кьола лъимер хьихьарав умумузул цоясухъе. Гьеб г1арац харж гьабизе бегьула г1иц1го лъимадул х1ажальабазе. Лъимер лъида аск1об бук1инебали судалъ х1укму къот1ула.

Лъимералъ 10 сон бан хадуб, эбел-эмен рат1алъун ругони, судалъ гьикъизе ккола гьелъул пикру, умумузул лъида цадахъ гьелъие бокьилебали.

Гьелда гьикъаниги, гьелъие ахирисеб х1укму къот1ула судалъ. Судалъ х1исабалде босула лъимадул пикру умумузул цонигияс хисизабизе бегьулебали. Гьединлъидал лъимералъулгун чанго нухалъ гара-ч1вари гьабизе ккола специалистасги.

**-Ригьин биххун хадуб лъимер бесдал инсуда яги бесдал эбелалда аск1об бук1ине бегьулищ?**

-Эбел-эмен рат1алъун хадуб к1вар бугеб суаллъун ккола г1овул г1ужде бахинч1еб лъимер лъида аск1об телебилан абураб. Дагьабги зах1матаб суаллъун ккола эбел цойги чияссе россасе ун йигони яги инсуца цойги бат1ияй г1адан ячун йигони, лъимер киназда аск1об бук1унебилан абураб. Адвокатги ккун киналго х1ужжабиги кьоч1ое росун т1убазабуни, гьеб суал ц1акъго мух1канго т1убала.

Хьихьизе лъимер бачараб хъизан бугони, умумузул цояс ч1езабизе ккола дандиясул лъимералъе тарбия ва лъай кьезе рес гьеч1олъи.

Лъимералъул эбел-инсуца гьелде к1вар кьолеб гьеч1они, такъсирчилъиялъул яги данде кколареб хьвада-ч1вадиялъул нух гьез т1аса бищун бугони, лъимералъе тарбия кьеялде к1вар кьолеб батич1они, психикиял яги зах1матал унтаби гьезул ратани, х1укму гьабизе бегьула г1овул г1ужде бахинч1еб лъимер цоги хьихьизе бачунеб бак1алде кьезе.

Бесдал инсуда яги эбелалда мух1канго т1алеб бугони, жиндирго лъимералъул эбелалда яги инсуда умумузда т1адал ишал т1уразаризе к1олеб гьеч1олъи ва лъимер к1удияв х1инкъиялда бук1ин, гьезда т1адаб буго пачалихъиял ОО-иПалда (лъималазе къайимчилъи ва гьезул т1алаб гьабулел пачалихъиял органал) лъазабизе.

Мух1канаб хал гьабиялдаса хадуб кинал шарт1азда лъимералъ г1умру гьабулеб бугеб, кинаб тарбия кьеялъул къаг1идаби ругелали лъазабун хадуб ООиПалъ х1укму гьабула лъимералъе данде кколеб х1алалда, гьеб иш т1убазабизе.

Лъимер хьихьизе кьеялъул ишалъухъ хал гьабулеб бугони, т1оцебесеб иргаялда балагьула гьеб хьихьизе бачараб хъизаналъул цоявниги умумузда, к1одоэбелалда яги к1удаимсуда, г1овул г1ужде рахарал яцазда яги вацазда аск1ов гьев теялъул суал.

Хьихьизе вачарав умумузул цоясданиги аск1ов толев вугони, лъимер кьола-гьезул къайимчилъиялде.

Г1овул г1ужде бахинч1еб лъимер кьезе бегьула хьихьизе бачунеб хъизаналъухъе, бесдал лъималазе рихьизарурал приютазде яги т1алаб гьабизе чи гьеч1ого хут1арал лъимал хьихьулел пачалихъиял учреждениязде.

**-Эбел-эмен рат1алъун ругони, лъимералъул фамилия хисизе бегьулищ?**

Цо-цо мехалда эбелазе бокьула жиндирго фамилия хисулелъул лъимадулги хисизе, ай эбелалъеги лъимадуеги, т1оцебе росасе иналде бук1араб фамилия босизе. Т1оцебе, ц1акъго бигьаяб ишилан кканиги, гьеб г1езег1ан хадуб лъугьине кколеб иш буго. Бищунго бигьаго гьеб гьабизе к1ола, эмен умумузул ихтияраздаса мах1рум гьавун вугони: фамилия хисизе гьесул ихтияр х1ажалъуларо.

Лъимадул эмен гьеб ихтияралдаса мах1рум гьавун гьеч1они, лъимералъ 14 сон базег1ан, гьесул ихтияр гьеч1ого гьеб гьабизе бегьуларо. 14 сон бан хадуб гьесул ихтияр х1ажалъуларо, бегьула лъимералъе бокьараб гьабизе.

Фамилия хисулелъул ине ккола ЗАГСалде ва гьениб г1ахьаллъи гьабизе ккола эбелалъги инсуцаги-к1иязго.

Жиндиего бокьун, лъилго ихтияр гьеч1ого лъимералъ фамилия хисизе бегьула, гьелъ 18 сон бан хадуб.

**-Эбел-эмен рат1алъун хадуб лъимер гьоркьоб бикьулелъул кинал тартибал ц1унизе кколел?**

-Эбел-эмен рат1алъун хадуб лъимералъ г1умру гьабизе бегьула к1иялго умумул разилъун, гьезул цоязда аск1об. Гьезул разилъи кколеб гьеч1они кьезе ккола судалде.

Судалде иш ккани, лъимералъ г1умру гьабулеб бак1 бихьизабулелъул х1исабалде босула жалго умумузе кин бокьун бугебали, хал гьабула умумузул буголъиялъухъ, жаниб ч1олеб бак1 бук1иналъухъ, лъимералде к1вар кьезе гьелъие тарбия кьезе гьезул бугеб заманалъухъ.

Ккола цо-цо мехалда гьадин: инсуе щолеб бук1уна ц1ик1к1ун г1арац, жаниб г1умру гьабизе бак1ги гьесул лъик1аб бук1уна, амма лъимер кьола эбелалъухъе, щайгурелъул гьелъул лъимергун йик1ине заман ц1ик1к1ун бук1унелъул, кидалго х1алт1улев вук1унев инсудаса.

Г1емерисеб мехалда судалда эбел бергьуна-гьелъухъ хут1ула лъимерги.

**-Ригьин биххун хадуб лъимералъулгун кинаб гьоркьоблъи гьабизе бегьулеб?**

-Лъимералъул ихтияр буго к1иялго умумулгун дандч1вазе, цонигияв умумузул ихтияралдаса мах1рум гьавун ватич1они.

Лъимер умумузул цоясухъеиги вит1улев вугони, к1очон тезе ккола цоцада гьоркьор ккарал рек1ел хвеял. Лъимер гьесде данде гьусизе бегьуларо, к1очон тезе бегьуларо дурго г1адал ихтиярал гьесулги рук1ин. Г1иси-бикъинаб жоялде к1варги кьун, лъимералъе щолеб рохел хвезабизе бегьуларо.

**-Лъимер эбелалъухъ бугони, инсуца кин гьелъие кумек гьабулеб?**

-Гьелъие г1оло инсухъа рахъула алиментал, судалъ ч1езабураб къадаралда рекъон, инсуе бач1унеб г1арацалъухъ хал гьабун. Алиментал хвезаризе ккола г1иц1го гьесда т1ад. Инсуца адвокатасул кумекалдалъун т1алаб гьабизе бегьула алиментазул къадар дагь гьабеянги, гьел лъимадуе гурого, бат1ияб рахъалде х1алт1изарулел рук1ин лъанани.

Яги изну гьаризе бегьула, лъимер г1овул г1ужде вахараб мехалда гьес х1алт1изабилелъун гьелъул бащадаб къадар гьелъул счеталде рехизе.

**-Ахиралда щиб абизе бокьилеб бук1араб г1олохъанаб г1елалда?**

-Хъизан-гьеб буго нилъер г1умруялъул аслу. Лъималги руго нилъер бук1инисеб. Гьел лъималазе г1олонг1аги, г1иси-бикъинаб жо гъоркьан-т1асан биччан те, цоцада гьоркьоб рек1ел хвей кканиги, т1аса лъугьа. Дица абилаан хъата-масан ц1арал т1амизе г1едег1ич1ого анкьц1ул борцун, цин къот1ун, ургъун гурого иш гьабугеян. -Баркала гара-ч1вариялъухъ.

-Дуеги баркала, нижехъе яч1аралъухъ.

"Росдал зах1матчи" №94 2018 с. газеталдаса босараб.

«Конкурсал - 2020»

# Лъазаби

Х1урматиял районцоял! 2020 соналъул май моц1алда нилъеца дандч1вай гьабизе бугеб К1удияб Бергьенлъиялъ 75 сон т1убаялъул юбилеялъул х1урматалда **«Чапар»** газеталъул редакциялъ лъазарулел руго конкурсал:

***Т1оцебесеб:*** Лъималазда гьоркьоб рагъул г1ахьалчаг1азде рахъарал куч1дузул конкурс.

***К1иабилеб:*** Ц1алдохъабазда гьоркьоб **«Щивго к1очон гьеч1о»**- абураб темаялда сочинение хъваялъул конкурс.

***Лъабабилеб:*** Гьелго темаязда ч1ах1иязда гьоркьоб макъалаби ва шиг1раби хъваялъул конкурс.

***Ункъабилеб:*** **«Лъица чан хъвараб?»**- абураб ах1иялда ц1алдохъабаздагун ч1ах1иязда гьоркьоб конкурс.

Гьел конкурсазда 1,2,3 бак1ал ккуразе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Гьезул хал гьабизе буго 2020 соналъул 10 апрелалда.

**Уважаемые читатели газеты «Чапар»!**

Давайте творить вместе. Мы уверены, что у каждого человека есть свой читательский опыт. Поделитесь им с нами. Присылайте свои мнения и пожелания по любой из рубрик.

Лучшие из присланных материалов будут опубликованы, а авторы поощрены.

В материалах должны быть указаны: фамилия, имя, отчество, адрес и номер телефона.

Материалы необходимо присылать по адресу: с.Дылым, ул.Саида-Афанди-2,

Редколлегия

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №344 Тираж 1100 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужжабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*